



Pou Piblikasyon Imedya: 07/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE DEPATMAN SÈVIS FINANSYE A MENNEN ANKÈT SOU RAPÒ KI DI KE GEN ENFIMYÈ KE YO REFIZE BAY ASIRANS VITAL POU POTE MEDIKAMAN POU RANVÈSMAN DOZAJ EKSESIF OPYOYID YO

Gouvènè Cuomo Egzòte Enfimyè Ke Yo Te Refize Bay Kouvèti Asirans yo pou yo Kontakte Depatman Sèvis Finansye a atravè [Sit Entènèt](#) pou Plent Konsomatè a oswa Liy Telefonik Gratis lan nan (800) 342-3736

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande jodi a pou Depatman Sèvis Finansye Eta New York lan (New York State Department of Financial Services) pou lanse yon ankèt sou [rapò](#) ki te di ke gen enfimyè ke yo refize bay kouvèti asirans vital yo pou pote medikaman pou ranvèsman dozaj eksèsif opyoyid yo, tankou Naloxone oswa Narcan.

"Enfimyè yo sou devan sèn batay eta nou an ap mennen pou konbat epidemi opyoyid lan, epi li inakseptab pou ke konpayi asirans vital yo ta pral refize bay pwofesyonèl sante ki ap travay di sa yo kouvèti asirans pou prekosyon sans komen yo ke yo pran pou ede sove lavi", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Eta New York pral toujou leve kanpe pou enfimyè nou yo, epi fè tout sa nou kapab pou sipòte travay yo ap fè pou kenbe moun New York yo an sante epi an sekirite, epi jodi a mwen ap mande Depatman Sèvis Finansye a pou yo lanse yon ankèt epi pran mezi ki apwopriye yo pou asire ke yo pa refize bay okenn enfimyè nan Eta New York yon fason enjis kouvèti asirans vital ke yo merite."

Gouvènè a te ankouraje enfimyè ke yo te refize bay kouvèti asirans yo pou yo kontakte Depatman Sèvis Finansye a apati sit entènèt pou plent konsomatè oswa liy telefonik Depatman an, pou asire ke yo mennen ankèt minisye sou tout ka yo. Enfimyè yo ta dwe depoze yon plent konsomatè [la a](#) oswa rele nan (212) 480-6400 oswa nimewo gratis (800) 342-3736 (Lendi rive Vandredi, 8:30 AM a 4:30 PM).

Naloxone se yon antagonis opyoyid ke yo itilize pou ranvèsman tanporèman efè yon dozaj eksèsif opyoyid, sa vle di respirasyon ki ralanti oswa ki bloke yo. Ak kriz opyoyid ki trajikman ap afekte kominote yo atravè nasyon an, Ministè Sante Piblik Ameriken an (U.S. Surgeon General) te mande yon ogmantasyon nan disponibolite epi li te mete anfas sou enpòtans medikaman pou ranvèsman dozaj eksèsif lan ki se Naloxone. Selon [Sant pou Kontwòl Maladi a \(Center for Disease Control\)](#), Fentanyl, ki se yon opyoyid ke yo estime ki plizyè santèn fwa pi pwisan pase ewoyin, ka gaye nan lè a tankou patikil fen oswa vapè likid yo ki ap mete an danje premye sekouris yo lè yo respire li oswa akòz kontak ak po yo. Anpil enfimyè sou devan sèn batay nou ap mennen kont epidemi opyoyid lan jwenn Naloxone san preskripsyon espesifik pou pasyan yo, kote yo pè rankontre ak itilizè medikaman ak pasyan yo an deyò yon etablisman medikal tipik.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)